ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАУЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№241 (23.649) ● 2017 гъэм дыгъэгъаззэм (декабрым) и 16, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №241-УГ-мкІэ къиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкІауэ хэтхэм я Іуэхукіэ» 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №241-УГ-мкІэ къиштам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэгъэхьэн **Хъубий Марат Башир и къуэр** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и министрыр;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыхэгъэкІыжын Расторгуевэ С. А.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм дыгъэгъаззэм и 13-м
№161-УГ

● Нобэ

«Іуащхьэмахуэ» ВТК-м лъэхъэнэщІэр къызэІуех

Илъэсым и сыт хуэдэ зэманми цІыхухэм зыщагъэпсэхуным, я нэгу зыщрагъэужьыным тещІыхьа «Іуащхьэмахуэ» комплексым нобэ къыщызэІуах цІыхухэр бгым лыжэкІэ къежэхыну хуит зыщІ, 2017 - 2018 щІымахуэ лъэхъэнэм тещІыхьа и лъэхъэнэщІэр.

А ІУЭХУМ иращІэкІ гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ уэрэджыІакІуэ, къэфакІуэ гупхэр. КъеГъэлакІуэхэм лыжэкІэ бгыхэм къызэрежэхын хуей щІыкІэхэр цІыхухэм ирагъэлъагъунущ.

«Спорт индустрием щынэхъыфІхэр» сауГъэтыр зыхуэфащэхэр къызэхъухэм зэрыжаІамкІэ, апхуэдэуи къэралпсо щІэупщІэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, «Урысейм и бны лыжэ зыгъэпсэхуПІэ нахьыкІфу» 2017 гъэм «Іуащхьэмахуэ» ВТК-р къалъытащ. Ар наІуэ къащІащ щІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэм, туризмэмрэ жьыджэру зыгъэпсэхуныгъэ я Іэнатіэм щылажьэхэм я Іуэху зыІутым щытепсэлъыхь XIII дунейпсо конгрессым хыхьэу ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Ипщэ дзэ щІыналъэм

Бгы лыжэ къэжьыхьыкІэм и Іэмал щэхухэм хурагъасэ

Ипщэ дзэ щІыналъэм и бгы лъагэ мотострелковэ бригадэхэм я ТІасхъэщІэхэмрэ къуршхэм къулыкъу щыщІэным хуэзыгъэхьэзыр гъэсакІуэхэмрэ я Іэзагъэм щыхагъэхъуэнущ ди республикэм хыхьэ Терскол къуажэм и Іэгъуэблагъэхэм щыІэ полигоным.

ЕГъЭДЖЭНЫГЪЭМ кърашэлІа зауэлІхэм я бжыгъэр 100-м ноблагъэ. Ахэр УФ-м Іэщэкіэ Зэщідзауэда и Къэрухэм и дзэ щІыналъэ (округ) псоми къыкІахэрщ, апхуэдэуи, Физическэ щэнхабзэмкІэ (культурэмкІэ) дзэ институтым щеджэхэрщ.

Іыхьэ зыбжанэу зэхэухуэна дерсхэр тхьэмахуитІкІэ екІуэкІынущ. Абыхэм япкъ иткІэ, гъэсакІуэхэр дэтхэнэ зы цІыхуми щхьэхуэу ядэлажьэнущ, гуп-гупу зэщІагъэуІуахэри зэрызэдекІуэкІ-сытхэмкІэ ягъэсэнущ.

КъуакІэбгыкІыхэм дыхьэ, джабащхьэхэм къыщыхутэ зауэлІ псоми ахэр къыщыщІидзыр къэзыгъэнаІуэ Іэмэпсымэ цІыкІухэр (датчикхэр) кІэращІэнущ. Абыхэм къауатІыпщ сигналхэмкІэ, апхуэдэ къэхъумэ, бгыщхьэхэм щикІуэдахэр, къызэрымыкІуэ щытыкІэм ихуаэхэр мыдрейхэм нэхъ тыншу къагъэтэфынущ, хуей хъумэ, къеГъэлакІуэхэр кІэлъаутІыпщынущ, апхуэдэ зэдэщІыпІэр зэман кІэщІым къриубыдэу къызэрагъэнэІуэсфынум и фІыгъэкІэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Налшык

ИлъэсыщІэм хуагъэхьэзыр

Налшык и утыку нэхъыщхьэхэмрэ къалэ дыхьэпІэхэмрэ Илъэсыщ1э псей Іэрыщ1хэр щагъэщ1эрэщ1ащ.

ИЛЪЭСЫЩІЭМ ирихьэлІэу къалэр гъэдэхэныкІэ жэуап зыхь къызэрэзэпэщ1ак1уэхэм къызэрагъэпэмкІэ, псей Іэрыщ1хэр зэпкърылъхьэгъуафІэщ1, зэман куэдкІи къэбгъэсэбэп мэхъу. Псом ящхьэраци, абыхэм я фІыгъэкІэ а щхъуантІагъэхэм ящыщу 10 бжыгъэхэр ди кьалащхьэ кьудейм и закъуэ щыхъума мэхъу.

ЗэгурыІуэныгъэм, Абхъазым я утыкуэхэм япэу щагъэува псейкэр цІуугъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ, «дыжьын уэшхэмкІэ», жэщ уэздыгъэ зэмыфэгъуэхэмкІэ гъэщІэрэщІащ. Мыбыхэм дахагъкІэ къакІэрыхьэуркъым «Дубки» сату щыпІэм и гупэкІэ мы гъэм япэу щагъэува псеишхуэри. Абдеж дыдэм щыхэхауфлащ Илъэсыщ1э псейхэм я бззэрри. Уэсхэр езэгъырабгъущ - сом 250 - 500. Жьыгъэр дыдейщ, нэгъущ1 щыпІэ щагъэкІа яхэткъым. Иужьрей илъэсхэм псейхэм пхъэм кьыхэщІыкІа тегъэувапІэхэр хуащ1 зэрыхъуари цІыхухэм я дежкІэ тыншыгъущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и Парламентым

Дэфтэр нэхъыщхьэр ныбжьыщІэхэм ират

Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и пайтахэмрэ кІалэ округхэмрэ щыщ еджакІуэ 28-м къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэр - паспортыр - КЪБР-м и Парламентым щратащ.

МЫХЬэНЭ зиІэ а Іуэхугъуэшхэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**, абы и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КЪБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жьлагъуэ Іуэхущ1апІэхэм зегъэужьыныгъэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщ1 **Пащты Борис**, Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщ1 **Азычэ Светланэ**, ЗэІущІэм кърагъэблэгъат КЪР-м и Конституцэ судым и унафэщІым и къуэдзэ **Чэт Юрий**, КЪР-м и МВД-м щІыналъэм иІэпхъуІхэм я Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ **Къарэнашэ Аслъэн**.

Егоровэ Татьянэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Урысейм щыпсэухэм я махуэшхуэ нэхъ лъапІэхэм ящыщым - Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэм - ныбжьыщІэхэм я паспортхэр зэрыратым и мыхьэнэр зэрыгуныр.

- Я ныбжькІэ щІалэми, сощІэ нобэ кьедгъэблэгъа ныбжьыщІэхэр еджэным, спортым, щэнхабзэм, жылагъуэ Іуэхумкіэ ІкъэхэжаныкІахэр зэрыарар. Къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэр къыщыфІэрыхьа махуэм щегъэжьауэ, фи гъащІэм жэуапІныныгъэ, кьалэн нэхъыбэ кьыхохьэ, фи адэ-анэм, къэралым яхуэгъэзауэ. Къывгурыіуэн хуейщ иджырей щІэблэм зэрызывужьым ди къэкІуэнур куэдкІэ зэрелІэтыр. Сыт хуэдэ екъуІэныгъэ фимыІэми, нэгъущ1 къэрал фІыкъыщыхутэми, сыхуейт фІыкъыщалъхуа фи Хэкур зэи зыщ1ыбмыгъэгъупщэну, абы фІыхуэпэжьмэ. Абы щыгъуэщ1 ди къэралыр гъэщ1ы, щхьэхуиту, ефІакІуэу щытпІыгъанур. Щ1эныгъэм нэхъуеиншэу фІыхущІэкъу, хабзэр вгъэпэж, фи хуитныгъэхэр фхъуэмэ, - жиІащ Егоровэм.

Ныбжьыщ1эхэм паспортхэр иратыжа нэужь, абыхэм ехъуэхъуащ Чэт Юрий. «Къэралым къывит хуитныгъэхэм хуэфэщэн Іуэху блэжь, жэуапІныныгъэ зыхэзгъэлъэныну зыщ1ымыбгъэгъупщэ», - чэнджэщ ящІащ хьэщІэм ныбжьыщІэхэм.

Къарэнашэ Аслъэн адэ-анэхэм защ1ыхуигъаззм жиІащ я бынхэр зэращ1ыгугъым хуэдэу къахущІэкІыну зэригуапэр, ныбжьыщІэхэм ехъуэхъуащ я мурадхэм ерыщу хуэкІуэну, ахэр зрагъэхъулІэну.

Щ1алэгъуалэм къабгъэдэкІыу кьыхуащІа гулъытэм папщІэ фІыщІэ ящІу зэІуищІэм къыщыпсэлъащ Коваленкэ Полинэ (Май къалэм и курыт еджапІэ № 4), Эркинбаевэ Айлэ (Налшык къалэм и лицей №2), Сыжажэ Аскэр (ХьэтІохъущ1ыкъуей кьуажэм и курыт школ №3). «Урысей Федерацэм и цІыхум и дэфтэр нэхъыщхьэм дыхуэпэжыну, ди лъахэр едгъэфІэкІуэным ди къару етхьэлІну фІыкъыдогъэгъэ», - жиІащ ныбжьыщІэхэм.

ЗэІущІэм и кІэм нэхъыжьхэри нэхъыщІэхэри зэгъусэу къэралым и Гимным едгэІуащ, дежьуащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Щ1ыпІэ хьэлэмэтщ Шэджэм псыхъуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестицэхэмкіэ, хьэрычэт Іуэхумкіэ и комитетымрэ Спортымрэ туризмэмкіэ и комитетымрэ зэщІыгъуу Шэджэм муниципальнэ районым щрагъэкІуэкІа зэІущІэр траухущ туризмэм и Іэнатіэм хьэрычэт Іуэхущ1апІэ мыинхэмрэ курытхэмрэ къыщыззэгъэщ1ынымкіэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

ПСАЛЪЭМАКЪЫМ кърихьэлІащ КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр, министерствохэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм я лэжьакІуэхэр, Шэджэм районым щыщ хьэрычэтыщІэхэр.

Зэ1ущІэр къыщызэІуихым КЪБР-м и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестицэхэмкіэ, хьэрычэт Іуэхумкіэ и комитетым и унафэщІ **Іэпщэ Заур** къыхигъэщхьэкІащ Шэджэм районыр республикэм и курорт-рекреацэ комплексым и турист кластеру плІым ящыщ зыуэ зэрыщытыр. «Туризмэм зегъэужьыным и Іэныкьуэкіэ ди щІыналъэм хэкІыпІэ инхэр щыІэщ икІи абы фейдэкІуэ, налог ахъшэу Іэмал зэрилэкіэ нэхъыбэ кьызэрыпытхыным дыхущІэкъутхъэщ. Мы Іэнатіэм республикэм и бюджетым и зэфІэкІыр нэрылъагъуу кьиІэтыфынущ. Хьэрычэтыщ1эхэм я зэфІэкІыр туризмэм ирахьэлІэн папщІэ зыхуэі закон псори ди деж щызэтеуващ, бизнесым зыщІэгъэкъуэным пыщІа Іэнатіэхэр диІэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, дяпэкІи дэ лъжьыгъэ куэд кьытпэщытщ туризмэр фейдэшхуэ кьызыпыкІ Іэнатіэ тщІын икІи абы кьытхуэзІуих хэкІыпІэхэр нэгъэсауэ кьэдгъэсэбэпын папщІэ», - жиІащ комитетым и унафэщІым.

КЪБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Бэрэгъун Арсен** зэпкърихащ мы щІыналъэм экотуризмэм, агротуризмэм, къуажаплъэ туризмэм зыщегъэужьынымкіэ щыІэ хэкІыпІэхэр икІи абы папщІэ инвестицэхэр къызэщІэбгъэуІуэ зэрыхъуну щыкІэр.

Шэджэм и муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **ТекІушэ Артур** къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ районым и социально-экономикэ щытыкІэм, апхуэдэу туризмэм и Іэнатіэм хьэрычэт Іуэхум зэрызыщиужьым.

Шэджэм районым псори зэхэту щІыуэ гектар миин 150-м щІигъу иІыгъ. Абы жылагъуэ 12, зы къалэ щыІэщ, псоми зэхэту щІыху мин 69-м щІигъу щыпсэууэ. «Экономикэр иджыпсту щытыкІэ гугъум и пэтми, мыльку къыщалажь Іэнатіэхэм зэрызыажьыр къызэтеувыІакъым икІи ар щыхьэт тохъуэ щІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным» ди деж куэд зэрыщапэжьым»,- къыщигъэльэгъуащ абы и докладым.

Хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ хиубыдэу Іуэхущ1апІэ 394-рэ, хьэрычэтыщІэ щхьэхуэу 2020-рэ щатхащи, абыхэм ящыщу предприятэу 8-мрэ хьэрычэтыщІэ щхьэхуэу 11-рэ туризмэм и Іэнатіэм щылажьэ. Туризмэм хиубыдэ хьэрычэт Іуэхущ1апІэ мыинхэр нэхъыбэу зэлэжьыр туристхэр егъэблэгъэныр, гъэшхэныр, турагент Іуэхущ. Районым щыІэ туроператор закъуэр илъэс куэд щІауэ мэлажьэ икІи абы мы щІыналъэм зыщагъэпсэхуи папщІэ Урысейми нэгъуэщІ къэралхэми ящыщ щІыхухэр кьерешапІэ.

ТекІушэ Артур зэрыжиІамкІэ, Шэджэм псыхъуащхьэм щыІэ «Шэджэм», «Башиль» турбазэхэр иджыпсту лажьэрщ. ЦІыху куэдым хуабжьу яфІэфІу зыщагъэпсэкІуу щыта а Іуэхущ1апІэхэр кьыщымыгъэсэбэпым и щхьэуэцІ къэралхэми ящыщ щІыхухэр кьерешапІэ.

Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэм иІэ рекреацэ зэфІэкІхэр Іыхьапщ бгуэш хъунущ. Аэр я зэфІэкІкІэ зэхуэдэкъым, ауэ дэтхэнэри фейдэ пылъу кьыпхуэгъэсэбэпынущ.

Нэхъ щІыху куэд здэкІуэхэм ящыщщ Шэджэм псыкъеІутхэр. А щІыпІэм и дахагъым кьыдэкІуэу хьэщІэхэр дехьэх г1уэгур зэрытэмэмым, шхапІэхэр, псом хуэмыдэу пІэпкъ шхыныгъуэхэр зыгъэхьэзырхэр, зэрыщІыным. Туристхэм Іуэхутхьэбзэ яхуэзэщІэр а щІыпІэм пэгъунэгъу кьуажэхэм щыпсэуэхрщ. Шэджэм псыкъелъэхэм къэкІуалІэхэм кьэхьыфІу загъэпсэхун папщІэ абы зегъэужьыным, автомашинэ къэувыІэпІэхэр, хьэпшыпэ зэмылІэужьыгъуэхэр щащ щІыпІэхэр кьызэгъэпэщщыным теухуауэ зыхуеину проект документацэ ягъэхьэзыр, уней мылъкукІэ ягъэззэщІэн папщІэ.

Лашынкъей кьуажэм пэгъунэгъуу щыІэ псы - хуабэ къыщІэжьпІэхэм хиубыдэу есыпІэхэр ящІащ. Иджыпсту абы и инфраструктурэм нэхъри зрагъэужь, хьэщІэщ ящІ, щІыхухэм я узынщагъэм щыкІэлъыплъ пэшхэр ягъэхьэзыр, шхапІэ къыщызэІуахынущ.

«Шэджэм Ипщэ» туристэ-археологие комплексым зрагъэужьын папщІэ бюджетым щымыщ ахъшэхэр Эль-Тюбю къуажэм хьэщІэщ щыкІэлъыпІэхэр. Апхуэдэу абы шхапІэ щыІэщ, щэнхабзэм и фэеплъэр здэщыІэ щІыпІэхэм туристэр лъэсу къыщрашэкІ.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкіэ и министрым и къуэдзэ - хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыныгъэ департаментым и унафэщІ **Белецкая Ольгэ** и докладыр триухуащ туризмэмрэ рекреацэмрэ я Іэнатіэм инвестицэ проектхэр зэрыщІэпхагъэкІым. А лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІ къэралымрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я зэфІэкІхэр щІэгъэкъуэн къащІурэ икІи Урысей Федерацэм 2011 - 2018 гъэхэм туризмэм зыщегъэужьыныкІэ федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу. Гулъытэ хэха хуащІ республикэм туризмэмкіэ и индустриием зегъэужьыным трагъэкІуэдэну инвестициэхэр къызэщІэгъэуІуэным.

Инвестицэ проект инхэр туризмэм и программэмкі хиубыдэу ягъэзэщІэн папщІэ хьэрычэтыщІэхэм Іэмал яІэщ «2025 гъэм нэсыху Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныр» УФ-м и къэрал программэм и программэ къуэдзэр, 2025 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуар гъэззэщІэным хыхьэну.

Республикэм апхуэдэу щагъэзащІэ «2014 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа, экономикэ зыужьыныгъэмрэ инновацэ экономикэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм и «Хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыныр икІи абыхэм ядэІэпыкъуныр» программэ къуэдзэр. Абы щыубзыхуащ бизнес мыинымрэ курытымрэ финансэмкіэ, мылъкукІэ, информацэ и лъэныкъуэкІэ ират къэрал дэІэпыкъуныгъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Сумаев Ахьмэт** къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ Шэджэм районым экстремальнэ туризмэм псынщІэу щыщыжьу зэрыхуежьам. Къапщтэмэ, псыкъелъхэм кьакІуэ туристхэм ящыщ куэд «Шэджэм» парадджэм йопІуп. Мыбы щыІэ инструкторхэм ящыгъуу абыхэм ящыщ куэдым парапланеризмэм зыхуагъасэу щІадзэ. Парадромым хиубыдэу къыщызэрагъэпэщащ автотуристхэр къыщыувыІэ кемпинг. Илъэсым хуриубыдэу зыбжанэрэ мы щІыпІэм спортым и экстремальнэ лІэужьыгъуэхэмкіэ фестивалхэр къыщызэрагъэпэщ. Апхуэдэжэм деж псори тэмэму, къэхъуакъащІэхэр щымыІэу екІуэкІын папщІэ МЧС-м и лэжьакІуэхэр, Іуащхьэмахуэ щыІэ къэлъыхъуакІуэ-кьеГъэлакІуэ Іуэхущ1апІэм и къудамэу Налшык дэтым щыщхэр кьрохьэлІэ.

КъаІэта Іуэхум зэрелІыгъу зэІущІэм щыжаІащ Шэджэм Ищхьэрэ кьуажэм и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Конаков Ильяс**, Хъущтэ-Сырт кьуажэм и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Тохаев Каман**, «Шэджэм тур» жэуап зэхэгъэщхьэхуІа зыхь зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Мушкаев Марат** сымэ.

Зэ1ущІэм къыщыпсэлъахэм кьыхагъэщащ туризмэм зегъэужьын и лъэныкъуэкІэ щІыналъэм щыІэ гугъуехь нэхъыщхьэхэр: хьэщІэщхэм я нэхъыбэр жьы дыдэ зэрыхъуар, Іэнатіэм хухах ахъшэр зэрымащІэр, гъэзгухэр зэрызэкІэлъымыкІуэр, апхуэдэу мы щІыналъэм зыщагъэпсэхунымкіэ щыІэ Іэмалхэм кьэралым и адрей субъектхэм щыпсэухэр зэрыщымыгъуаззэр.

УРЫСМАМБЭТ Беллэ.

● ЕГЭ-2018

ПІалъэхэр яубзыху

Налшык и утыку нэхъыщхьэхэмрэ къалэ дыхьэпІэхэмрэ Илъэсыщ1э псей Іэрыщ1хэр щагъэщ1эрэщ1ащ.

ИЛЪЭСЫЩІЭМ ирихьэлІэу къалэр гъэдэхэныкІэ жэуап зыхь къызэрэзэпэщакІуэхэм къызэрагъэпэмкІэ, псей Іэрыщ1хэр зэпкърылъхьэгъуафІэщ1, зэман куэдкІи къэбгъэсэбэп мэхъу. Псом ящхьэраци, абыхэм я фІыгъэкІэ а щхъуантІагъэхэм ящыщу 10 бжыгъэхэр ди кьалащхьэ кьудейм и закъуэ щыхъума мэхъу.

ЗэгурыІуэныгъэм, Абхъазым я утыкуэхэм япэу щагъэува псейкэр цІуугъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ, «дыжьын уэшхэмкІэ», жэщ уэздыгъэ зэмыфэгъуэхэмкІэ гъэщІэрэщІащ. Мыбыхэм дахагъкІэ къакІэрыхьэуркъым «Дубки» сату щыпІэм и гупэкІэ мы гъэм япэу щагъэува псеишхуэри. Абдеж дыдэм щыхэхауфлащ Илъэсыщ1э псейхэм я бззэрри. Уэсхэр езэгъырабгъущ - сом 250 - 500. Жьыгъэр дыдейщ, нэгъущ1 щыпІэ щагъэкІа яхэткъым. Иужьрей илъэсхэм псейхэм пхъэм кьыхэщІыкІа тегъэувапІэхэр хуащ1 зэрыхъуари цІыхухэм я дежкІэ тыншыгъущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Оперативнэ штабым къет

«Терроризмэм пэщІэтыным теухуауэ» Федеральнэ закон №35-ФЗ-м, 2006 гъэм гъатхэпэм и 6-м къащтам, и 11-нэ, 12-нэ статьяхэм тету, террористическэ актхэр ялэжьыныр къэмыгъэхъун, цІыхухэм, Іуэхущ1апІэхэмрэ организацэхэмрэ я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщ1ын, щэхурлажьэ щІэпхъаджащІэ гупхэм хэтхэр кьэлъыхъуэныгъэ убыдыныгъэ яхуэгъэза мурадкІэ, Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и Іэтащхьэ, полковник Воронин С. В. КЪБР-м хьыхь Аруан муниципальнэ щІыналъэм щыщ Іыхьэм 2017 гъэм дыгъэгъаззэм и 15-м сыхьэт 18-рэ дакъикъи 10-м кьыщыщІэдзауэ контртеррористическэ операцэ щегъэжьІуэкІыныкІэ КТО-м и хабзэхэр щыгъэзыныкІэ теухуа унафэ кьыщтащ.

Контртеррористическэ операцэр зэфІэкІыхукІэ, ар зэрыІуахьыжьым теухуауэ унафэ кьащтэхукІэ, кьагъэлъэгъуа щІыпІэм мардэ хэхахэмрэ пІалъэкІэ яГъуэва хабзэхэмрэ щытетын хуейщ.

КъБР-м и Оперативнэ штаб.

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ щыхуэхэр здэпсолъэ хьэм телефонхэр:
8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

УФ-м Юстицэмкіэ и министерствэр арэзы техъуащ Зыуэ щыт къэрал экзамен (ЕГЭ), Къызэрыщ1агъэкІ къэрал экзамен (ГВЭ), Къэрал экзамен нэхъыщхьэ (ОГЭ) къэрал къэпщытэныгъэхэр 2018 гъэм зэрелІуэкІыну пІалъэхэр кьыщыгъэлъэгъуауэ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкіэ и министерствэм кьыщта унафэхэм.

ХАБЗЭ зэрыхъуащи, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр 2018 гъэми щыуэ зэщхьэщыхауэ екІуэкІынущ: пІалъэр къэмысу ятхэр, пІалъэ нэхъыщхьэм ятхэр, нэхъыщхьэм дыщІагъуу ятхэр. ЕГЭ-м щыщу зи къэзыухъэм ящыщу урысыбзэмкІэ, математикэмкІэ экзаменхэр зыхуэмытхэм е абыхэм етІуанэу хухаха махуэми (резервнэ) а предметитІым языхэзыр зыхуэмытыжхэм Іэмал яІэнущ фокІадзэм къызэрагъэпэщыну къэрал къэпщытэныгъэхэм иджыри зэ хэтыну.

2018 гъэм курыт школыр

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

Яп-э лъэбакъуэ

УФ-м и Конституцэм и махуэм къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэр - паспортыр - Дзэлыкъуэ районым зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуахэм щратащ.

УРЫСЕЙМ и Конституцэм и мыхьэнэм ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм и юрист нэхъыщхьэ **Бжэныкъо Анатолэ**. ЩIалэгъуалэм щхъуэхъуэм, абы кыхигъэщащ ирагъэкIуэкI Iуэхур ныбжьыщIэхэм гукъинэж ящыхьуну, къэралым и ухуэкIэм, хабзэхэм фIыуэ хащIыкIыу, я хуитыныгъэхэмрэ къалэнхэмрэ зэхащIыкIыу ахэр балигъ гъащIэм хыхьэну зэригулэр.

Еджэным къыщыхэжанымкIа, спорт, щэнхабзэ зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм щытекIуа ныбжьыщIэ 42-м я паспортхэр яритащ Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Джатэ Руслан**. Къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэм саугъэту дэщIыгъут УФ-м и Конституцэр, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и дахагъэр къыщыгъэлъэгъуа «Таинство волшебства» тхыльыр.

ГуфIэгъуэ зэхьыхьэм хэта адэ-анэхэм район унафэщIхэм фIыщIэ хуащIащ икIи къыхагъэщащ ирагъэкIуэкI щIалэгъуалэм я дежкIэ Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- ЦIыхум паспорт къыщыIэрыхьэ махуэр балигъ гъащIэм хэзышэ яп-э лъэбакъуэщ. Сыхуейт къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэм пщIэ хуэфащу, Урысейм фрицIыхуу зэрыщытым фрипагэу фыпсэуну. Абы щхьэкIэ фIыуэ федэжь, щIэныгъэ зэвгъэгъуэт, - яжриащ Джатэ Руслан щIалэгъуалэм.

Зэхьыхьэр щызэхуащIыжым ныбжьыщIэхэм суэт зытригъэхащ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и гъусэу.

ЩОКЪУИЙ Аминэ,
Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● Зэпеуэхэр

Хабзэ нэхъыщхьэм зыщагъэгъуазэ

Ди къэралым и дэнэ щIыпIи щагъэлъэпIащ УФ-м и Конституцэм и махуэр. Абы ехьэлIа Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыззрагъэпэщащ ди республикэми. Апхуэдэт, кьапщтэмэ, Бахъсэн районым щекIуэкIа щIалэгъуалэ зэпеуэр.

ЩЫНАЛЪЭМ и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэхэм хъыбар кьыззрыдагъэщIамкIэ, районым и администрацэм и унэм къыщыззрагъэпэща брейн-рингым хэтащ щIыпIэм и щIалэгъуалэм ящыщ куэд. Апхуэдэхэт щIыналъэм хиубыдэ жылэхэм я администрацэхэм я Iэщ IагъэлI ныбжьыщIэхэр. Ахэр зэпеуэ Конституцэр зэращIэмкIэ, абы къыщыгъэлъэгъуа мардэхэмрэ хабзэхэмрэ зэращIыуаззэмкIэ.

- Къэралым и хабзэ нэхъыщхьэр гъэззщIэным мыхьэнэ ин зэриIэмрэ дэтхэнэ къулыкъущIэми абыкIэ жэуаплныигъэ ин зэрихьымрэ иджыри зэ гу льедгъэтэн мурадкIэ къыздгъэпэщащ зэпеуэр, - жиIащ Iуэхум и жэрдэмщIакIуэ, Бахъсэн районым и администрацэм ЩIалэгъуалэм ядэлэжьэныкIэ и къудамэм и унафэщI Къумыкъу Иринэ. - Мыпхуэдэ зэхьыхьэхэм щIалэгъуалэм яхэль граждан хэм щэч зыхуащIахэр яубыдащ. Ахэр Яныкъуей, Каменкэ къуажэхэм щыпсэу цIыхухъухэщ. Яубыдахэм заумысыжащ ялэжьамкIэ.

Уголовнэ Iуэху кьаIэтащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

ТекIуахэр ягъэлъапIэ

«Динымрэ щыIэныгъэмрэ» республикэпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуахэр иджыблагъэ Бахъсэн щIыпIэ администрацэм щагъэлъэпIащ.

КЪЫЖЬИАПХЪЭЩ зэпеуэр нэхъыбэу зыхуэзгъэпсар щIалэгъуалэм ящыщ IыхьэнIыгъэ нэхъыбэ щIыныр, щэнхабзэр зэрахьэу щытыныр зэрыарар.

УнэтIныныгъэ зыбжанэ зиIа зэпеуэм сочиненэ тхыныжьIэ щытекIуащ Зеикъуэ къуажэм дэт етIуанэ курыт школым и 11-нэ классым щеджэ Шэрхъ Лианэ. «Усэ» унэтIныныгъэм пашэ щыхьэщ Псыхъурей кьуажэ школым и 8-нэ классым щеджэ Бэрэздж Алинэ. «Плакат» Iыхьэм щытекIуащ Зеикъуэ дэт езанэ курыт школым и 9-нэ классым щIэс Аслъэн Марие.

Бахъсэн щIыналъэм спортымкIэ, щIалэгъуалэм ядэлэжьэныкIэ и управлением и унафэщI Къумыкъу Иринэ зэпеуэм щытекIуахэр игъэлъапIащ щIыхь тхыльхэмрэ щытекIуащ Зеикъуэ къуажэм дэт етIуанэ курыт школым и 11-нэ классым щеджэ Шэрхъ Лианэ. «Усэ» унэтIныныгъэм пашэ щыхьэщ Псыхъурей кьуажэ школым и 8-нэ классым щеджэ Бэрэздж Алинэ. «Плакат» Iыхьэм щытекIуащ Зеикъуэ дэт езанэ курыт школым и 9-нэ классым щIэс Аслъэн Марие.

Бахъсэн щIыналъэм спортымкIэ, щIалэгъуалэм ядэлэжьэныкIэ и управлением и унафэщI Къумыкъу Иринэ зэпеуэм щытекIуахэр игъэлъапIащ щIыхь тхыльхэмрэ щытекIуащ Зеикъуэ къуажэм дэт етIуанэ курыт школым и 11-нэ классым щеджэ Шэрхъ Лианэ. «Усэ» унэтIныныгъэм пашэ щыхьэщ Псыхъурей кьуажэ школым и 8-нэ классым щеджэ Бэрэздж Алинэ. «Плакат» Iыхьэм щытекIуащ Зеикъуэ дэт езанэ курыт школым и 9-нэ классым щIэс Аслъэн Марие.

Бахъсэн щIыналъэм спортымкIэ, щIалэгъуалэм ядэлэжьэныкIэ и управлением и унафэщI Къумыкъу Иринэ зэпеуэм щытекIуахэр игъэлъапIащ щIыхь тхыльхэмрэ щытекIуащ Зеикъуэ къуажэм дэт етIуанэ курыт школым и 11-нэ классым щеджэ Шэрхъ Лианэ. «Усэ» унэтIныныгъэм пашэ щыхьэщ Псыхъурей кьуажэ школым и 8-нэ классым щеджэ Бэрэздж Алинэ. «Плакат» Iыхьэм щытекIуащ Зеикъуэ дэт езанэ курыт школым и 9-нэ классым щIэс Аслъэн Марие.

Бахъсэн щIыналъэм спортымкIэ, щIалэгъуалэм ядэлэжьэныкIэ и управлением и унафэщI Къумыкъу Иринэ зэпеуэм щытекIуахэр игъэлъапIащ щIыхь тхыльхэмрэ щытекIуащ Зеикъуэ къуажэм дэт етIуанэ курыт школым и 11-нэ классым щеджэ

ДыгъуакIуэхэм заумысыж

Урысей МВД-м Шэджэм районымкIэ и къудамэм и плъыр частым зыхуигъэзащ Каменкэ къуажэм щыпсэуэм. ЦIыхухъум зэрыжиIамкIэ, абы и пеплоблок цехым сом мин 850-рэ и уасэ Iэмэпсымэщ щIадыгъукIащ.

ЦIУЭХУР щызэхагъэкIым, уголовнэ къэлъыхъуэныгъэм и лэжьакIуэхэм яхуэмыхуу ирагъэжьащ. Абыхэм, уеблэмэ пэщIэдзэ джэгуГуитIми зы текIуэныгъэ ящащыхуэхьакъым. АрщхьэкIэ зэхьэзэхуэм ирагъэжьа къудейдащ икIи адэкIэ къэхъунур зэкIэ хуэгъэфэщагъуейщ.

ИджЫ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым и пэщIэдзэ зэпущIэхэм къарикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: *ялп джэгуГуэ* - **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **0:0**, **«Звезда»** (Налшык) - **«Астемыр»** (Налшык) - **1:1**, **«Керт»** (Къэхъун) - **«КъБКъМУ»** (Налшык) - **1:3**, **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **0:1**, **«Мурбек»** (Налшык) - **«Спарта-Малка»** (Налшык) - **0:0**, **«Къулъкъужьн-КъБКъУ»** (Налшык) - **«Ансар»** (Налшык) - **0:0**, **«Спартак-Налшык-н»** (Налшык) - **«Спартак-Налшык-д»** (Налшык) - **0:3**, **«Школ №31»** (Налшык) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **2:1**; *етIуанэ джэгуГуэ* - **«Спартак-Налшык-н»** - **«Велес»** - **0:2**, **«Керт» - «Звезда» - 1:1**, **«Автозапчасть» - «Союз-Сэрмакъ» - 3:1**, **«КъБКъМУ» - «Ансар» - 2:3**, **«Шагъдий» - «Мурбек» - 0:1**, **«Спарта-Малка» - «Къулъкъужьн-КъБКъУ» - 1:0**, **«ЛогоВАЗ» - «Спартак-Налшык-д - 0:3**, **«Астемыр» - «Школ №31» - 0:3**.

ХЬЭТАУ Жансурэт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2017/2018 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Спартак-Налшык-д»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**6-0**	**6**
2.	**«Школ №31»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**5-1**	**6**
3.	**«Автозапчасть»**	**2**	**1**	**1**	**0**	**3-1**	**4**
4.	«Велес»	2	1	1	0	2-0	4
5.	«Ансар»	2	1	1	0	3-2	4
6.	«Мурбек»	2	1	1	0	1-0	4
7.	«Спарта-Малка»	2	1	1	0	1-0	4
8.	«Шагъдий»	2	1	0	1	1-1	3
9.	«КъБКъМУ»	2	1	0	1	5-4	3
10.	«Звезда»	2	0	2	1	2-2	2
11.	«Къулъкъужьн-КъБКъУ»	2	0	1	1	0-1	1
12.	«Керт»	2	0	1	1	2-4	1
13.	«Астемыр»	2	0	1	1	1-4	1
14.	«Союз-Сэрмакъ»	2	0	0	2	1-4	0
15.	**«ЛогоВАЗ»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**1-5**	**0**
16.	**«Спартак-Налшык-н»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**0-5**	**0**

● Кикбоксинг

«Спортыр террорым и бийщ!»

Прохладнэ щIыналъэм щыIэ «Колос» сабий-ныбжьыщIэ спорт школым мы махуэхэм щекIуэкIащ 2005-2008 гъэхэм ялъхуахэм кикбоксингымкIэ я район зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Прохладнэ, Аруан, Шэджэм районхэмрэ Налшык кьалэмрэ щыщ спортсмен ныбжьыщIэ 66-рэ. Зэпеуэр къыззрагъэпэщащ «Колос» ДЮСШ-мрэ КъБР-м КикбоксингымкIэ и федерацэмрэ.

«СПОРТЫР террорым и бийщ!» къыхуеджэныгъэм щIэту екIуэкIа зэхьыхьэр щыщIидзэм, абы хэтхэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ икIи нэхъ лъэщым текIуэныгъэр къихьыну екIуэхуэщ Прохладнэ щIыналъэм и Iэтащхьэм и къудзэз Матросов Алексей, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм мы олимп спорт iлъжьыгъуэхэмкIэ спорт школым и унафэщI Шэрджэс Заур, КъБР-м КикбоксингымкIэ и федерацэм и президент, дунейпсо категорие зиIэ судья Кудей Алим, Прохладнэ районым и прокурор Къанщауэ Аслъэн, Следственнэ комитетымрэ спорт зэгуэхьэныгъэхэмрэ я лIыкIэхэр.

Мыпхуэдэ унэтIныныгъэм щIэту екIуэкI зэхьыхьэхэр сэбэп мэхъу къыздэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу къэгъэхьуныкIэ, гъащIэ узышIэм, спортым дегъэхьэхьныкIэ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэр медалхэмкIэ, щыхь тхыльхэмкIэ, саугъэтхэмкIэ ягъэпэжащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Абы дегъэпIейтей

«Ажалыр щащэр жыIэ» лэжьыгъэм кърикIуахэр

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэм кIэлъыплъныныкIэ и управленэм щызэхэлъхьэжащ республикэм щрагъэкIуэкI «Ажалыр щащэр жыIэ», наркотикым пэщIэтыныныкIэ урысейпсо Iуэхум и етIуанэ Iыхьэм щрикIуахэр.

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм къэзэритамкIэ, школакIуэ, Iэщ Iагъэ щызрагъэгъуэт курыт, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студент мини 143-м щИгъу едэIуащ республикэ УНК-м, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ, Узынщагъэр хъумэнымкIэ министерствэхэм я лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкIа лекцэхэм. Псори зэхэту ирагъэкIуакIащ наркоманием, медицинэм хэмыхьэ наркотикхэкIэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ зэхьэлIэным пэIэщIэ щIыным, фадэмрэ тутыныныкIэ къахь зэранигъэм теухуа Iуэху 687-рэ.

Балигъ мыхъуахэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэхуэсыпIэ 577-рэ къапщытати, 4-м фадэжкIэрэ тутынрэ щефэу кьыщIагъэщащ.

Республикэм щыпсэуэхэм къабгъэдыкIыу КъБР-м щыIэ МВД-м, нэгъуэщI хабзэхъумэ IэнатIэхэм къаIэрыхьащ хъыбари 170-рэ. Абыхэм якъ иткIэ уголовнэ Iуэху 35-рэ къаIэтащ, административнэ протокол 40 ятхащ, хабзэм къемызэгъыу ящэ афиянжкIэ килограмм 13 къытраХащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УНК-м и унафэщIым и къудзэз, полицэм и полковник Дудар Виталий гупым хэтхэр кьыхуриджащ наркоманием нэхъ купщIапIэу пэщIэтыным я къарур нэхъри хуэзащIагъэIуэну.

- Хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр игъэкIыным пэщIэтыным теухуа Iуэхуэхэм дыщыпэлъэщыфынур дызэкъуэтмэщ,- кьыхихуэщащ Дударым.

УАРДЭ Женя.

● Футбол

НыбжьыщIэхэм псынщIэу зрач

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2017-2018 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатым и яп-э джэгуГуитIыр зэфIэкIащ. Абыхэм яужькIэ бжьыпэр яубыдащ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуэлэ гупымрэ Налшык дэт курыт школ №31-м и еджакIуэхэмрэ.

«СПАРТАК-НАЛШЫК»-м зэкIэлъхьэужьу бжьыгъэшхуэкIэ хигъэщащ «Спартак-Налшыкым» и ныбжьыщIэхэмрэ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-мрэ. Нэгъабэ ар командэ нэхъ лъэрызехьэхэм зэращыщар къэпльытэмэ, куэдкIэ ущыгугъэ хъуну къыщIэкIынщ.

ЩIымахуэ зэхьэзэхуэр щекIуэкI школ №31-м и гупым зэхьэзэхуэ блэкIам жэ медалхэр къыщихьащ. Иджы и щIэдзэкIэм нэхъыбжым зэрыщIэбэныщыр къегъэлъагъуэ.

ЩIэч хэлъкъым «Автозапчасть»-ри увыпIэ нэхъ лъагэ дыдэхэм зэрыщIэбэныну. Мы гъэм зэрыщIидзэрэ бахъсэндэсхэм зыри яп-э ирагъэщырхъым икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэмахуэ чемпионатри, кубокри, республикэм и Чемпионхэм я лигэри къахьащ. Дауи, щIымахуэ зэпеуэми щытекIуэну хэтынущ.

Нэгъабэрей зэхьэзэхуэм дыщэ медалхэр кьыщызыхьа Къэхун и «Керт»-мрэ дыжьыныр зыгъэIа Налшык и «Звезда»-мрэ мы гъэм хуэмыхуу ирагъэжьащ. Абыхэм, уеблэмэ пэщIэдзэ джэгуГуитIми зы текIуэныгъэ ящащыхуэхьакъым. АрщхьэкIэ зэхьэзэхуэм ирагъэжьа къудейдащ икIи адэкIэ къэхъунур зэкIэ хуэгъэфэщагъуейщ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым и пэщIэдзэ зэпущIэхэм къарикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: *ялп джэгуГуэ* - **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **0:0**, **«Звезда»** (Налшык) - **«Астемыр»** (Налшык) - **1:1**, **«Керт»** (Къэхъун) - **«КъБКъМУ»** (Налшык) - **1:3**, **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **0:1**, **«Мурбек»** (Налшык) - **«Спарта-Малка»** (Налшык) - **0:0**, **«Къулъкъужьн-КъБКъУ»** (Налшык) - **«Ансар»** (Налшык) - **0:0**, **«Спартак-Налшык-н»** (Налшык) - **«Спартак-Налшык-д»** (Налшык) - **0:3**, **«Школ №31»** (Налшык) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **2:1**; *етIуанэ джэгуГуэ* - **«Спартак-Налшык-н» - «Велес» - 0:2**, **«Керт» - «Звезда» - 1:1**, **«Автозапчасть» - «Союз-Сэрмакъ» - 3:1**, **«КъБКъМУ» - «Ансар» - 2:3**, **«Шагъдий» - «Мурбек» - 0:1**, **«Спарта-Малка» - «Къулъкъужьн-КъБКъУ» - 1:0**, **«ЛогоВАЗ» - «Спартак-Налшык-д - 0:3**, **«Астемыр» - «Школ №31» - 0:3**.

ХЬЭТАУ Жансурэт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2017/2018 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Спартак-Налшык-д»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**6-0**	**6**
2.	**«Школ №31»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**5-1**	**6**
3.	**«Автозапчасть»**	**2**	**1**	**1**	**0**	**3-1**	**4**
4.	«Велес»	2	1	1	0	2-0	4
5.	«Ансар»	2	1	1	0	3-2	4
6.	«Мурбек»	2	1	1	0	1-0	4
7.	«Спарта-Малка»	2	1	1	0	1-0	4
8.	«Шагъдий»	2	1	0	1	1-1	3
9.	«КъБКъМУ»	2	1	0	1	5-4	3
10.	«Звезда»	2	0	2	1	2-2	2
11.	«Къулъкъужьн-КъБКъУ»	2	0	1	1	0-1	1
12.	«Керт»	2	0	1	1	2-4	1
13.	«Астемыр»	2	0	1	1	1-4	1
14.	«Союз-Сэрмакъ»	2	0	0	2	1-4	0
15.	**«ЛогоВАЗ»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**1-5**	**0**
16.	**«Спартак-Налшык-н»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**0-5**	**0**

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 16, *щэбэт*

♦Къэзахстан Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - я къэралгъуэм и махуэр ягъэлъапIэ. 1991 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Къэзахстаным и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ ар СССР-м кьыхэкIыу къэрал щхьэхуэ зэрыхъуам теухуаеу.

♦1899 гъэм Инджылызым щыщ Эдвардс Альфред «Милан» футбол клубыр къыззригъэпэщащ. Абы я яп-э капитану щытащ Килпинг Герберт. Футболистхэм я фащэр зыхуэдэнур къэзыгупсысауэ щытар арац.

♦1931 гъэм Москва «Ромэн» цыджан театрыр къыщызэIуахащ. Нэхъапэм ар театр-студиеу лажьэу щытауэ арац.

♦1946 гъэм Диор Кристиан Париж къыщызэIуихащ щыгъынхэр щад, ахэр щагъэлъагъуэ унэ.

Мысырым нэгъуэщI къэрал IуэхуэхэмкIэ и министру, премьер-министру щыта **Мэхьмуд (Хьэхъу) Февзи** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущIэ цIэрыIуэ, армэм и генерал, Совет Союзым и ЛIыхъжь **Ватутин Николай** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, пианист, СССР-м и цIыхубэ артист **Свиридов Георгий** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI, УФ-м гъэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шортэн Аскэрбий** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Кушмэзокъуэ Iэсият** къыщалъхуа махуэщ.

♦Совет композитор, пианист, жылагъуэ лажьакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист, Лениным и саугъэтыр, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтхэр зрата **Щедрин Родион** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, режиссёр, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Дружининэ Светланэ** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 9, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 17, *тхьэмахуэ*

♦Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэуэзда и Къарухэм стратегие мыхьэнэ зиIэ я ракетэдзэхэм я махуэщ. Ракетэдзэхэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэр СССР-м и Правительствэм 1959 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м кьыдигъэкIауэ щытащ, РВСН-м и махуэр ягъэлъапIэ 2006 гъэм къыщыщIэдзауэ.

♦Урысейм и Къэрал фельдъегер къулыкъум и лэжьакIуэхэм я махуэщ. Къэрал мыхьэнэшхуэ зиIэ тхылъэр, дэфторхэр Iуэхущ Iапи зэхуэмыдэхэм яIэрызыгъэхьэ а къулыкъум и тхьидэр жыжьэ къыщожьэ. Урысей император Павел Езанэм къэралым и унафэр 1796 гъэм и щэкIуэгъуэм IэщIыхьа нэхъ ищIа яп-э унафэхэм ящыщ фельдъегер IэнатIэр къызэгъэщыным теухуауэ а гъэм дыгъэгъазэм и 17-м Iэ зыщIидзар.

♦Белорус кином и махуэщ

♦Къэзахъстаным щагъэлъапIэ энергетикым и махуэр

♦1903 гъэм «Авиацэм и адэу» къалIытэ, США-м щыщ Райт зэкъуэшхэу Уилбуррэ Орвиллрэ ягъэунэхуащ жьым нэхърэ нэхъ хьэлъэ къхъуахьлатэр уэгум зэритыр.

♦1995 гъэм хахащ УФ-м и Къэрал Думэм и етIуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр.

♦Нэмыцэ композитор, пианист, дирижёр щэджащэ **Людвиг Ван Бетховен** къызэралъхурэ илъэс 247-рэ ирокъу.

♦Совет усакIуэ, СССР-ми УФ-ми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Ваншенкин Константин** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Норвегием щыщ щIэныгъэлI, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр зыджу щыта **Фогт Ганс** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, СССР-м и цIыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща, «Хэкум и пащхьэ щIиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Броневой Леонид** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, адыгэхэм я деж печатым зэрызыщижьам и къэхутакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **ХъуакIуэЗаур** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, къэрал лэжьакIуэ **Шыхъуэстэн Абдулхьэмид** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м, Адыгеим, КъШР-м, Ингушым, Осетие Ищхьэрэ - Аланием я цIыхубэ артист **Нэхущ Чэрим** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

♦Теленэтынкэр езыгъэкIуэкI, актрисэ «Дуней псом щынэхъ дахэ пщащэ» зэпеуэм 2002 гъэм щытекIуа **Фёдоровэ Оксанэ** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 18, *блыщхьэ*

♦Iэпхъуэшапхъуэ псэум и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1990 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м унафэ кьищтащ Iэпхъуэшапхъуэн хуейуэ къызыхудэкIа дэтхэнэ зы лэжьакIуэми абы и унагъуэм исхэми я хуитыныгъэхэр хъумэным, абыхэм ящыщыжьыным теухуа унафэм.

♦Урысейм къэрал кIуэцI IуэхуэмкIэ и органхэм езыхэм я шынагъуэнщагъэмкIэ и къудамэхэм я махуэщ

♦Урысейм и ЗАГС Iуэхущ Iапи Iэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Хъэрыпыбзэм и махуэщ

♦Молдовэм и полицэм и лэжьакIуэм и махуэщ

♦1865 гъэм США-м и Конституцэм 13-нэ зэгъэзэхуэжьынымрэ халъхьащ. Абы пщыIыгъэр щымыIэж ищIырт.

♦СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъжь **Никулин Юрий** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Жамборэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, сурэтыщI, теленэтынхэр езыгъэкIуэкIыу, Урысей телевиденэм и академием и академикыу, «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» нэтын цIэрыIуэм и къызэгъэпэщакIуэу щыта **Ворошилов Владимир** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Къущхьэбий Виктор** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Урысейм ХудожествэхэмкIэ и Академием, Испанием и сурэтыщIхэм я академием, ЩIДАА-м я академик **КIыщ Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Политик, жылагъуэ лэжьакIуэ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Федченкэ Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Америкэм щыщ кинорежиссёр, сценарист цIэрыIуэ, продюсер, «Оскар» саугъэтыр щэнейрэ зыхуагъэфэща **Спилберг Стивен** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦ЭкономикэмкIэ щIэныгъэхэм я кандидат, «Линкор» дунейпсо компанием и генеральнэ унафэщIым и къуэдзэ **Щоджэн Iэуес** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Америкэ актёр, продюсер, «Оскар» саугъэтыр зрата **Питт Брэд** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Тележурналист, егъэджакIуэ **Щоджэн Мурат** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 8, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКIэМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Е мыхъу фIы хъужыркъым.

«Литературная Кабардино-Балкария» журналым Iэ тевдзэну фепIэщIэкI

А зыращ ди республикэм литературэ-художественнэ, жылагъуэ-политикэ журналу урысибзэкIэ къыщыдэкIыр. Абы и напэкIэущIэм щIэдзэкIакIуэм сыт щыгъуи щигъуэтынущ цIэрыIуэ хъуа тхакIуэхэм я мызакъуэу, къалэмыр къэзыщтагъаущ куэдым я Iэдакъэщ IэкIэр. Журналым республикэм и щэнхабзэ дунейм ухишэнущ, лъэпкъ куэдым я литературэм нэIуасэ уахуищынущ. Абы къытрадзэ зэпытщ лъэпкъыбзэхэмкIэ тхэхэм я тхыгъэхэр зэдзэкIауэ, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу журналистхэм я Iэдакъэщ IэкI щIэщыгъуэхэр, нэгъэщIэхэр.

«Литературная Кабардино-Балкария» журналым дэтхэнэми гъэщIэгъуэн щыхъун, къыхуэщIэхэпэн куэд щигъуэтынущ.

Журналыр илъэсым 6 (мазитI къэс зэ) щыдокI.

ПощткIэ Iэ тезыдзэхэм папщIэ абы и зы ксидзкIыгъуэм сом 32,04-рэщ и уасэр, мазихым - сом 96,12-рэ, илъэсым - соми 192,24-рэ.

Журналым и редакцэм и хэщIапIэр: КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ проспект,
5-нэ унэ, Печатым и Унэ.
Редакцэм и телефонхэр: 40-03-24; 42-75-22
Сайтыр: pressa.smikbr.ru
e-mail:literaturnayakb@mail.ru

● Лъэпкъ Іуэху

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1ак1уэ гупым и зи чэзу зэхуэсыр иджыблагъэ щек1уэк1ащ ПсыфІыпэ (Лазаревскэ) къалэм. Гъэзэщ1ак1уэ гупым хэтхэм нэмыщ1 абы къринхьэл1ащ Сирием, Израильм, Адыгеи, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Мэздэгуръ Армавирръ, Ставрополь, Краснодар крайхэм щы1э Хасэ къудамэхэм я л1ыкІуэхэр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр ПсыфІыпэ щызэхуос

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІат Сочэ къалэм и Лазаревскэ район администрацэм и Іэтащхьэ **Бражников Сергей**, Краснодар крайм и щы-налъхьэм я администрацэхэм я л1ыкІуэхэр, шапсыгъ адыгэхэм я тхьэмадэхэр.

Бражников Сергей хьэщІэхэм фІэхъус гуапэк1э захуигъэзащ, ДАХ-м и зэхуэсыр ПсыфІыпэ зэрыщрагъэк1уэк1ыр тэмэму къызэралытэр, ик1и а Іэхъуг1уэр лъэпкъхэр нэхъри зэкъуэгъэуэвэным сэбэп зэрыхуэхъунум шэч къызэрытримыхьэри жи1ащ.

Апхуэдэу районым и Іэтащ1ым къыхиг1эщ1ащ тенджьэ Іуфэм щыпсэу шапсыгъхэм защ1эгъэкъуэным екъэлІа программэ ильэс зыбжанэ хъуауэ крайм зэрыщылажьэр. Абы къыпэк1уэ Іуэхъг1уэфІхэр щынэрылъагъущ щы-пІэм: школхэм шапсыгъыбзэ щрагъэдж, к1уажэ еджапІэхэм я л1ажьыгъэ къызэгъэпэщык1эхэр йофІак1уэ, спортымрэ щэнхабзэмрэ гулъытэ нэхъыбэ щигъуэтащ, г1уэг1уэхэм асфальт тралъхьащ. Апхуэдэ щы1эк1э шапсыгъ къуажэхэм я псэукІэм зеужь.

Хасэм и лажьыгъэр купщІафІэу ек1уэк1ыну, Іуэхугъуэфі1эр къыдэк1уэну хъуэхъуащ Бражниковыр.

ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэІущІэр къыщыхэІуихым къызэхуэсахэр зэлэжьыну Іуэхугъуэхэм я гугъу ищІащ. Абы фІыщІэ псалъэк1э зыхуигъэзащ Сочэ къалэм и Лазаревскэ район администрацэм.

- Зи чэзу зэІущІэр шапсыгъ адыгэхэм я щІыналъэм щедгъэк1уэк1ыну пасэу тедухуат. А мурадыр къыддэзыІыгъаХэм фІыщІэ яхуэфащэщ. Ди лъэпкъэгъуэхр щыпсэу щы1ПІэхэм я унафэщІхэмрэ хасэхэмрэ сыт щыгъуи тыншу зэдолажьэ, сыту жы1пІэмэ, а тІури зи ужь итыр зы Іуэхуц. Зэк1э гугъуэкъ псоми дапэмыльтэщми, ди къалэнщ ди Іэр къызыпек1уэк1эр хуэмурэ зэдгъэхьулІэну. ДАХ-м сыт хуэдэ лэжьыгъэ къримыльэжьэми, лъэпкъым и сэбэп хэльщи, дызэкъуэту Іуэхущ1афэ щхьэпэхэр едгъэк1уэк1ыну дыхущ1окъу. «Іит1-рэ пэт, зэрымытхъущІмэ, зэрыщ1эркъым», - жа1э. Апхуэдэу, мы щы1пІэ дахэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэр ди лэжьыгъэм жыджэру хэтыну ди гуапэщ, дэри абыхэм я псэук1эм, я Іуэхущ1афэхэм нэхъри г1ыгъэгъу захуэтщ1ыныр ди мурадхэм ящыщ зыщ, - жи1ащ Сэхъуроокъуэм.

Хасащхьэм и пащхь къыщыпсэльащ тенджьэ ФІыщІэм и Іуфэм щыпсэу шапсыгъхэм я Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **К1эк1ыхъу Мэжид**. Абы къызэхуэсахэр щыг1ыдзэ ищ1ащ хасэм иригъэк1уэк1 лэжьыгъэм. Зэ1ущІэм и пэ къихуэу Мэжид гупыр иригъэблэгъат и хэщІапІэ унэм. Пэшхэм щызэхуэхьэса хьэпшыпхэр, Хасэм къек1уалІэхэм я Іуэхущ1афахэр къызэрыщ сурэтхэр, адыгэбзэк1э тедза тхьылъхэр щыкуэд библиотекэр, «Шапсугия» газетым и редакцэр, нэгъуэщ1хэми щыг1уаз защ1ат хьэщІэхэм.

К1эк1ыхъуэм къыхигъэщ1ащ грантк1э мылъку зэрыхуэхьыж и фы-гъэк1э хасэм къыпэщылъ Іуэхугъуэ куэд зэфІэха зэрыхъыр. Ильэс зыбжанэм нэсауэ Краснодар щы1налъэм щолажьэ «Гармонизация межнациональных отношений и развитие национальных культур в Краснодарском крае» фІэщыгъэр зи1э программэ щхьэхуэ. Абы Іэмал куэд къарет ди лъэпкъэгъуэм я псэук1эр зэгъэфІэк1уэным теуауэ Іуэхущ1афэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэгъэпэщыным. Къапщтэмэ, грантым и фІыгъэк1э псэуалъэхэр зэрагъэпэщыж, къуажиипІым адыгэ щэнхабзэ центрхэр щолажьэ, «Шапсугия» къэфак1уэ гупым я фащэ ек1уэхэр Налшык щрагъэдащ.

- Адыгэбзэр егъэджыным ехьэлІа Іуэхугъуэм дэри дегъэпІейтей, дэтхэнэ ди лъэпкъэгъуэхэми хуэдэу. Къалэдэсхэм хуэдэу къуажэдэс сабийхэм датегущ1ыхьыкъым. Нобэк1э яп1э идгъэщ1ыпхъэхэм ящыщ1ащ адыгэбзэр езыг1эджхэм я Іэзагъыр къэІэтыныр, - жи1ащ Мэжид.

Краснодар крайм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъутэ Аскэр** Мэжид жи1ам къыщ1игъуащ щы1налъэм щек1уэк1 лэжьыгъэм теухуауэ хьыбархэр. Сирием зауэ къызэрыщыхьейрэ хэкум къэзыгъэзэжахэм я ящыщу щыху 200-м щигъу щопсэу крайм. Социальнэ и лъэныкъуэк1э къызэрэпэщ1ахэщ: псэуалъэ яухуахэщ, лэжьыгъэ Іэнат1э пэрытхэщ. Уеблэмэ, языныкъуэхэм урысбзэр фЫ дыдэу зрагъащ1эри, я Іэщ1агъэмк1э лажьэу ежьэжахэщ. К1ыщ1эмэыщ1ащэ, щ1эблэр гъэсэным теухуауэ щы1налъэм программэ зыбжанэ щы1эщ. Абыхэм языкэзым зэреджэр зэкъуэшыгъэщ, адыгэхэм я бынхэр къану зэрату щыта хабзэфЫм тещ1ыхьащ.

ДАХ-м и комитетхэм я лажьыгъэм теухуауэ ящэ псалъэ къызэпыІыса **Бырсекъуэ Орфан** абы и лъэныкъуэк1э зыщыгъуазэхэр къызэхуэсахэм я пащхь ирилъхьащ. Абы зэрыжи1амк1э, Сирием къинэпхъук1ыжу зи хэку къэзыгъэзэжахэм я бжыгъэр 900 мэхъу. Абыхэм ящыщу унагъуи 102-м унэ лъапсэ яг1уэтауэ мэпсэу.

- Дыщ1эгъэвэн щы1эжкъым, Урысей къэралыгъуэм и фІыщ1эк1э Сирием зауэр къыщыхэтеувы1ащи догуфІэ, - жи1ащ Орфан. - Къэк1уэжахэм медицинэ Іуэхутхьбзэхэр пщ1эншэу хуащ1э, къэралри псапащ1э цыху щхьэхуэхэри къадоІэпыкъу. Къэзыгъэзэжахэр зыдэтІысхьа къуажэхэм мыхъун хьахэмык1ыу щопсэу. Гугъуэхь гуэрхэр къахуеІэк1ми, ахэр РВП, визэ Іуэхуэхэм пыщІащи, Урысейм и хабзэхэм тету зэрагъэпэщ.

Орфан и псалъэм къыпищащ гъэзэщ1ак1уэ гупым хэт **Къущхьэ Надим**. Абы жи1ащ къэгъэзэжьын Іуэхур ДАХ-м хуэзфІэк1ынухэм зэращымыщыр, илъэси 150-рэ хъуауэ лъэпкъым и гуныкъуэгъ-ушхуэр зы лъэхъэнэм зэрызэфІымыхьфынур. «Дэ нэхъыбэу дыдэлэжьын хуэйр дызэрызэфІэмыкІуэдныкІыр, я бзэр, щэнхабзэр хэзэхэсы Я1ащ1эмыхуэнрэ, Іуэгъуалэр хэкум щедгъэжьнырщ, сабийхэр зэк1эльыдгъэк1уэнырщ», - жи1ащ абы.

Анэдэлъхубзэмрэ адыгэ псэкупсэ щ1эныр хьумэныкІэ, щэнхабзэм зегъэужьынымк1э, адыгэ тхыдэр зэхуэхьэсауэ къыдгъэзк1ынымк1э Хасэм и комитетым и лажьыгъэм нэхъ жьыджэру щытепсэльыхьауэ зэхуэсым. Пщы хэмылъу, бзэр зехьэным, хьумэным теуху Іуэхугъуэхэм сыт зэманми хамэ щ1ыпІэ щыпсэу адыгэхэр нэхъ тегузэвыхьыр. Иджы хэкум щыпсэуэхэри а Іуэхум нэхъри игъэпІейтей хъуауэ. Абы къыхэкІыу къудамэм и пщ1 къыдэхуэ к1ал эхэр нэхъыбэщ. Комитетым хэт **Табыщ Мурат** лажьыгъэ ирагъэк1уэк1ахэм тепсэльыхьа нэужь Хасэм ящыщ1ащ ящ1эгъэк1ыжащ, хамэ яг1эралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм къащ1эна тхыгъэхэм я хъумапІэ-архив ДАХ-м и хэщІапІэм ирагъэхьэ. Абы щхьэхуэ ипэр ипэІуэк1э къыхилъхьауэ зэрыщытар ик1и къызэхуэсахэр къыхуриджащ а Іуэхур къыдДыгъыну. Къищынэмыщ1ауэ, комитетым и пщэ къыдэхуэхэм ящыщ1 зыуэ щыт алыфбей зэхэлъхьэным теухуа Іуэхур. Табыщым къыхигъэщащ абы и лъэныкъуэк1э зэфІэк1а хъуар зэрымащІэр, мы Іуэхур акъылзэкдзэ зэрыхуэныкъуэр, ар ипэк1э к1ІуэтэН папщІэ КЪБР-ми АР-ми я щІэныгъэрылажьэхэм я псалъэм мыхъэн зэриІэр.

Мы Іуэхум игъэпІейтейхэм ящыщт шапсыгъхэм пщІэ зыхуащІ я нэхъыжь **ТІэш Мурдин**. Абы къыдэхуэсахэм ягу къигъэк1ыжащ зыуэ щыт алыфбей зэхэлъхьэныр ДАХ-р къызэрэгъэпэщ1ри зытепсэльыхь Іуэхугъуэхэм зэрращыщыр.

- Зэкъым дэ АР-м я бзэ щІэныгъэрылажьэхэм дазэрыщыхуэзэр. Ди литературэбзэхэр зэгъуэнэгъу зэхуэщІыным пащІэуважэм я щІэ кэыскухиІуэнущ. КЪБР-м и Парламентым и Унафэ бгъущІ гъэхэм къащтат, АР-м нобэр къыздэсым ар диБыГакъыми, иджы щІэрыщІэу утыку к1ыхьауэ елэжьыныр Іэмалынш1эхэм ящыщу къызэолытэ, - жи1ащ Мурдин.

Сэхъуроокъуэ Хьэутий и жэрдэмк1э гъэзэщ1ак1уэ гуп къызэрагъэпэщащ мыбы теухуауэ дэнэжк1э щы1э Іуэху епІпык1эри, чэнджащ1эри зэхуахьэсу, ДАХ-м и къык1элъык1уэ зэхуэсыгъуэм утыку къырахьэу ар и к1эм нагъэсын папщІэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщ1ак1уэ гупыр 2018 гъэм зэрылэжьэнym теухуауэ ягъэхьэзыра тхылъым хэпльа нэужь, зэхъуэк1ынигъэ гуэркэр халъхьэжри, ар Іэнтэк1э къащтащ. Зэ1ущІэм щытепсэльыхьащ. Іыхьэлъэр зыгъэпІейтей нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми. Гъэзэщ1ак1уэ гупым и къык1элъык1уэ зэхуэзэр къихьэну илъэсым и гъатхэпэ маззэм щы1эну зэгурыІуащ.

Зэ1ущІэр езыгъэк1уэк1а Сэхъуроокъуэ Хьэутий къызэхуэсахэм фІыщІэ яхуищ1ащ, лъэпкъым и сэбэп къызэрыкІын Іуэхущ1афэ куэд абы хуалэжьыну хъуэхъуащ.

Гъэзэщ1ак1уэ гупым я лажьыгъэр яуха нэужь, хьэщІэхэр зыпльыхьак1уэ ирашэжьащ, Ашэ псыхъуэм щы1э Къалэжь, Лыгъуэтх, Хьэджыкъуэ шапсыгъ къужакищыр ирагъэщІыхуи мурадкІэ. Иужьрей илъэсхэм къуажэхэм я тепльэкІи, я псэуэк1экІи зэрызахъуэжар я нэгу щІэкІащ хъэщІэхэм. Къуажэхэм ухуэзышэр асфальт г1уэгу захуэ тыншщ, гаэрэ псыкІэ къызэрызэгъэпэщащри езы къуажэдэсхэм к1ая1уэтащ. Хьэджыкъуэм щыпсэу К1эк1ыхъу Индирсэ я унагъуэм хъьблэм дэси я благъи щызэхуэсахэт, хьэщІэхэр ирагъэблэгъэну. Унэгуащхэм лэкъум, хьэлывэ пщтыр, щхьуомч фо хуэдэхэр Іэнэм кхахьыт, щІыхьхуэхэм хьэщІэхэр ирагъэблагъэрт. Апхуэдэ щІыкІэкІэ нэхъри г1ыпкъэ зэхуэхуа зэпІэпкъэг1уэхэм щы1эгъ пІастэ ззадашауэ Псыфі1эп я1ащ1эжащ.

Къыкіэлъыкіуэу хьэщІэхэр ирагъэблэгъащ жьлэм дэт этнографие музейм. Музейм и лэжьакІуэ шапсыгъ цІыхубз щхьэхуэ **Хъущт Іэминат** гупсэхуэу, Іуэхум хищІыкІыну зэІущІэр игъэкІуэкІащ. ХьэщІэхэм гъэщІэгъуэн ящыхъуащ музейм щІэлъ хьэпшыпхэм я куэдагъэ. Абыхэм ящыщ1ащ зэхэмщІэми куэдми, лъэпкъ тхыдэм и лъэпкъэгъуэхэм къащІэна тхыгъэхэм я хъумапІэ-архив ДАХ-м и хэщІапІэм ирагъэхьэ. Абы щхьэхуэ ипэр ипэІуэк1э къыхилъхьауэ зэрыщхьэпэр ипэІуэк1э къыхилъхьауэ зэрыщытар ик1и къызэхуэсахэр къыхуриджащ а Іуэхур къыдДыгъыну. Къищынэмыщ1ауэ, комитетым и пщэ къыдэхуэхэм ящыщ1 зыуэ щыт алыфбей зэхэлъхьэным теухуа Іуэхур. Табыщым къыхигъэщащ абы и лъэныкъуэк1э зэфІэк1а хъуар зэрымащІэр, мы Іуэхур акъылзэкдзэ зэрыхуэныкъуэр, ар ипэк1э к1ІуэтэН папщІэ КЪБР-ми АР-ми я щІэныгъэрылажьэхэм я псалъэм мыхъэн зэриІэр.

Мы Іуэхум игъэпІейтейхэм ящыщт шапсыгъхэм пщІэ зыхуащІ я нэхъыжь **ТІэш Мурдин**. Абы къыдэхуэсахэм ягу къигъэк1ыжащ зыуэ щыт алыфбей зэхэлъхьэныр ДАХ-р къызэрэгъэпэщ1ри зытепсэльыхь Іуэхугъуэхэм зэрращыщыр.

- Зэкъым дэ АР-м я бзэ щІэныгъэрылажьэхэм дазэрыщыхуэзэр. Ди литературэбзэхэр зэгъуэнэгъу зэхуэщІыным пащІэуважэм я щІэ кэыскухиІуэнущ. КЪБР-м и Парламентым и Унафэ бгъущІ гъэхэм къащтат, АР-м нобэр къыздэсым ар диБыГакъыми, иджы щІэрыщІэу утыку к1ыхьауэ елэжьыныр Іэмалынш1эхэм ящыщу къызэолытэ, - жи1ащ Мурдин.

Сэхъуроокъуэ Хьэутий и жэрдэмк1э гъэзэщ1ак1уэ гуп къызэрагъэпэщащ мыбы теухуауэ дэнэжк1э щы1э Іуэху епІпык1эри, чэнджащ1эри зэхуахьэсу, ДАХ-м и къык1элъык1уэ зэхуэсыгъуэм утыку къырахьэу ар и к1эм нагъэсын папщІэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщ1ак1уэ гупыр 2018 гъэм зэрылэжьэнym теухуауэ ягъэхьэзыра тхылъым хэпльа нэужь, зэхъуэк1ынигъэ гуэркэр халъхьэжри, ар Іэнтэк1э къащтащ. Зэ1ущІэм щытепсэльыхьащ. Іыхьэлъэр зыгъэпІейтей нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми. Гъэзэщ1ак1уэ гупым и къык1элъык1уэ зэхуэзэр къихьэну илъэсым и гъатхэпэ маззэм щы1эну зэгурыІуащ.

Зэ1ущІэр езыгъэк1уэк1а Сэхъуроокъуэ Хьэутий къызэхуэсахэм фІыщІэ яхуищ1ащ, лъэпкъым и сэбэп къызэрыкІын Іуэхущ1афэ куэд абы хуалэжьыну хъуэхъуащ.

Гъэзэщ1ак1уэ гупым я лажьыгъэр яуха нэужь, хьэщІэхэр зыпльыхьак1уэ ирашэжьащ, Ашэ псыхъуэм щы1э Къалэжь, Лыгъуэтх, Хьэджыкъуэ шапсыгъ къужакищыр ирагъэщІыхуи мурадкІэ. Иужьрей илъэсхэм къуажэхэм я тепльэкІи, я псэуэк1экІи зэрызахъуэжар я нэгу щІэкІащ хъэщІэхэм. Къуажэхэм ухуэзышэр асфальт г1уэгу захуэ тыншщ, гаэрэ псыкІэ къызэрызэгъэпэщащри езы къуажэдэсхэм к1ая1уэтащ. Хьэджыкъуэм щыпсэу К1эк1ыхъу Индирсэ я унагъуэм хъьблэм дэси я благъи щызэхуэсахэт, хьэщІэхэр ирагъэблэгъэну. Унэгуащхэм лэкъум, хьэлывэ пщтыр, щхьуомч фо хуэдэхэр Іэнэм кхахьыт, щІыхьхуэхэм хьэщІэхэр ирагъэблагъэрт. Апхуэдэ щІыкІэкІэ нэхъри г1ыпкъэ зэхуэхуа зэпІэпкъэг1уэхэм щы1эгъ пІастэ ззадашауэ Псыфі1эп я1ащ1эжащ.

Къыкіэлъыкіуэу хьэщІэхэр ирагъэблэгъащ жьлэм дэт этнографие музейм. Музейм и лэжьакІуэ шапсыгъ цІыхубз щхьэхуэ **Хъущт Іэминат** гупсэхуэу, Іуэхум хищІыкІыну зэІущІэр игъэкІуэкІащ. ХьэщІэхэм гъэщІэгъуэн ящыхъуащ музейм щІэлъ хьэпшыпхэм я куэдагъэ. Абыхэм ящыщ1ащ зэхэмщІэми куэдми, лъэпкъ тхыдэм и лъэпкъэгъуэхэм къащІэна тхыгъэхэм я хъумапІэ-архив ДАХ-м и хэщІапІэм ирагъэхьэ. Абы щхьэхуэ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Щыхушхуэхэм я гупсысэхэр

ГъащІэм и купщІэр

ФІыуэ улажьэу уесэн щхьэкІэ, Іэхум хуабжьу удихьэхыу щытын хуейщ, армырамэ, залымыгъэ зэпхыжыфынукъым.

КАЛИНИН Михаил,
къэрал къулыкъущІэ.

ТхылъыфІым щІэныгъэфІ къует, гупсысэ щхьэпэ куэд къегъэуш.

КРУПСКАЯ Надеждэ,
къэрал лэжьакІуэ.

Тхылъыр зэрызепхьэм цІыхум уэзрыхущытыну щІыкІэр еубзыху. А тІуми зэхуэдэу хуэныкъуэщ дэтхэнэри.

КАРАМЗИН Николай,
урыс тхакІуэ.

НэхъыфІ дыдэу схэлъыр цІыхуфІхэм гурыщІэ ІэфІ зэрахузиІэрщ.

ПРИШВИН Михаил,
урыс тхакІуэ.

Ипэжыпіэкіэ щэджащэр зи гур псом щхьэкІи къеуэрщ.

РОЛЛАН Ромен,
франджы тхакІуэ.

Тхыдэр зи лъабжьэ романхэм уеджэныр нэхъ щхьэпэщ тхыдэмкІэ курсхэм нэхърэ.

БАЛЬЗАК Оноре,
франджы тхакІуэ.

Лэжьыгъэращ цІыхум и зэчийр къызыкъуэзыгъэхыр.

ТОЛСТОЙ Алексей,
урыс тхакІуэ.

ЦІыхум и зыужьыныгъэрщ и гъащІэм купщІэ хуэхъужри.

ГОРЬКИЙ Максим,
урыс тхакІуэ.

● ЗэвгъащІэ

КъэкІыгъэхэм я цІэр

Банэ фІыцІэ - барбарис
Хьэбзэгу - подорожник большой
ЩІыгъныхуу - сельдерей пахучий
Бжэнтхьэпэху - василёк
БжакІэ - костёр пёстрый
Ажэгъуэпщ - рябчик
КІей - ясень
АІуудэ - лилия однобратвенная
Къабзий - рогоз широколистный
Къамылгъашэ - тростник обыкновенный
ЩдзэрыкІ - хвощ
ТІомпІыш - красавка кавказская
Фоуку - василёк бледно-желтый
Шамбыр - бамбук
ШыгъулдыпІъыжь - брусника обыкновенная
ЫкІуртІымей - кедр
Дахэ - белена чёрная

● Шхыныгъуэхэр

Шэрджэс джэд гъэжьэкІэ

Инджылыз щІэныгъэлІэу Салариа Дэвидрэ Теймс Ричардрэ къызэрахутамкІэ, мы ерыскъыгъуэр ебланэ пІэщІыгъуэм щыщІэдзауэ ящщэфІ адыгэхэм. «Шэрджэсхэр Урысейм и ипщэ лъэныкъуэм щыпсэу лъэпкъщ, аращ къызытекІар мы шыныгъуэ сырым и цІэри - «Шэрджэсхэм я джэд гъэжьэкІэ», - щатх абыхэм я тхылъым, «Зэманым и шыфэлІыфэхэр. Ерыскъыр. Іэнэ пэрысыкІэр, пщафІэхэмрэ шхыныгъуэхэр зэрагъэхьэзырымрэ» зыфІащам.

Абы щхьэкІэ джэдыщІэмрэ и кІуэцІфэщІымрэ ягъэкъабзэ, кІуэцІфэцІыр и кІуэцІым иралъхьэжри, шыбжиипс щІыІэ шыуам щІигъанэу халъхьэ, и щхьэр тепІауэ щІыІанІэ сыхьэти 2 - 3-кІэ ягъэуэ, зэхэшыпсыхьэн щхьэкІэ. Абы и ужькІэ джэдыр кІыхахьыжри ягъэгъущ, тебэм шыбжиитхъу тІэкІу щахуэри, джэд гъэгъущар и щІыбыр егъэзыхауэ тебэм иралъхьэ, лъэныкъуэ псоми шыбжиитхъу фІыуэ щахуэри, хьэкулъэм ирагъэувэ икІи хьэзыр хъуху ягъажьэ. А зэманым кІриубыдэу шыбжиитхъумрэ шатэмрэ тІэу-щэ щахуэ, тхъуэплъ дахэ хъун щхьэкІэ. Хьэзыр хъуа джэдыр кІрахьжри, зэрыпсоуэ е Іыхьэ-Іыхьэуэрэ зэпкърыхауэ Іэнэм трагъувэ. Яшх пщтыру, пІастэ хуабэ и гъусэу.

Халъхьэхэр:
джэду - 1,
шыбжиитхъуу - грамм 40,
шатэу - грамми 100,
шыбжиипсу - узыхуейм хуэдиз.

ДжэдыкІэжьапхъэ

Джэдыкіэр фалъэ куум ираКъутэ, абы шатэ, шыгъу халъхьэри, фІыуэ ядэ. Ар тхъу къэплъар зэрыт тебэм ираКІри, мафІэ цІыкІум тету, зэІамыщІэу дакъикъи 6 - 7-кІэ ягъажьэ. ИтІанэ сэкІэ зэпаупщІ, зэрагъэдзэкІри, иджыри дакъикъи 3 - 4-кІэ ягъажьэ, тхъуэплъ дахэ хъуху. Жьамэ абы зыкъеІэт, езыр щабэщ. Щаудэкіэ джэдыкІэм содэ хэзылъхьи щыІэщ, ауэ абы содэмэ кІыхьрегъэх. Ар хэмылъэми джэдыкІэр къэтэджынущ, ауэ абы щхьэкІэ фІыуэ удэн хуейуэ аращ. Пщтыру яшх. Пластэ, мырамысэ, чыржьин, мэжаджэ, щІакъуэ докІу.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):
джэдыкІэу - 2,
шатэу - грамм 60,
тхъууэ - грамми 10,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

Иордан пащтыхьыкъуэ Алий бен-Хъусейн Іуащхьэмахуэ лъапэ къыщофэ. *2002 гъэ*

● Апхуэди къохъу

Пианистым и еджакІуэ

Польшэм щыщ пианист цІэрыІуэ Падеревский зэгуэрым америкэ къалэ цІыкІухэм ящыщ зым къыщикІухьу бжэ гуэрым тетхауэ елъагъу: «Мисс Джонс, роялым еуэфу зыгъасэ егъэджакІуэ. Зы дерсым - зы доллар».

А дакъикъэм Джонс игъэзащІэрт Шопен и ноктюрныр. Абы щІэдэІуурэ, щыуагъэ куэд зэхэзыха Падеревскэр бжэм теуІуащ.

ЕгъэджакІуэр къыззрыщІэкІыу пианист щІэрыІуэр къыщыхужащ икІи иригъэблэгъащ. Падеревскэр зыри жимыІэу щІыхьэщ, роялым бгъэдэтІысхьэри, Шопен и ІэдакъэщІэкІыр телъыджэу къригъэкІащ.

ЕтІуанэ махуэм тІэкІу зиплъыхьыну къыщІэкІауэ Падеревский а егъэджакІуэм и унэм щыблэкІым япэрейм нэхърэ нэхъ ину, дыщэпсым къыхэщІыкІа рамэм иту бжэм фІэлъу елъагъу: «Мисс Джонс. Падеревский щэджащэм и гъэсэн. Зы дерсым - долларитх».

ШЫПШ Даянэ.

Саугъэт

Зэныбжьэгъу щІалитІ зэхуэзащ:
- Мурат, сыт уи махуэ лъапІэм щхьэкІэ уи адэ-анэм къуатар?
- Мобдеж щыт «Мерседес» плъыжьыр плъагъурэ?!
- Уей, укъикІам, сыту лъэщ!
- Мис абы и фэм ещхьыркъэпсу пыІэ.

Мор дауэ щІэбгъэхьэну-тІэ?

Хъуэжэ къуажэпщым деж щыщІыхьэм бжэм деж щыт хъумакІуэм къигъэувыІащ:
- УщІэзгъэхьэ хъунукъым.
- Сыт щхьэкІэ? – къэуІэбжьащ Хъуэжэ.
- Уэ убзаджафэщ, бзаджагъэ зигу илъ лъэпкъ щІэзмыгъэхьэну пщым унафэ къысхуищІащ.
- Мор дауэ щІэбгъэхьэну-тІэ? - жиІэри пщым и фызэ пщІантІэм дэтым и Іэпэр хуишиящ Хъуэжэ.

Къэп нэщІи ираш абы

Дизкъуажэ гупым щахьхьам и гъунэгъу гуэр хуабжьу ищхьэ щытхъужу щыст.

● ГушыІэхэр

- Сэ сыздэщымыІа щыІэ?! Сэ сымылъэгъуа щыІэ?! Сэ сыкъэзымыцІыху щыІэ?! Сэ си цІэр дэнэ къали, дэнэ къуажи щыжаІэ! - щІигъатхъэрт абы.

Щхьэщытхъум едаІуэхэр зэІущащэрт:
- Бегъымбар хъуауэ жиІэнущ мыбы!
- Сыт хуэдиз бгырэ псырэ зэпызупщІа сэ! Индыл дыди сикІащ сэ кхъухь сису! - и гъунэгъум щригъэлейм, Дизкъуажэ къэпсалъэри:
- Пэжщ а си гъунэгъум жиІэр, кхъухьым иплъхьэмэ, къэп нэщІри йокІ Индыл.

ХуэдитІкІэ сынэхъыщІэщ

Щыхьэту къэкІуа хеящІэр бзылъхугъэм йоупщІ:
- Илъэс дапщэ хуэхурэ?
- Абы егупсысын хуейщ. Сыщыдэкіуам си щхьэгъусэр илъэс 40 хъурт, сэ - 20, хуэдитІкІэ сынэхъыщІэт. Иджы си щхьэгъусэр илъэс 70 хъуащи, сэ 35-рэ сихъуу араш.

● Фэ фщІэрэ?

Интернетыр къызэрежьэрэ тфІэкІуэдар

Британием къыщыдэкІ «Daily Telegraph» газетым къытрадзащ Интернетыр къызэрежьэрэ цІыхухэм яІэщІэхуа Іэхъугъуэ щхьэпэхэр. Абы дызыхуишэнур фІыми Іейми зэманым къигъэльэгъуэнщ.

- Зэхуэза цІыхуитІыр Іэхум и пэжыпІэр зэхагъэкІын папщІэ мардэ гуэрым изагъэу зэдауэу аращ. Иджы Интернетыр кьагъэсебэпу апхуэдэ зэдауэр езышажьэхэм (шэч хэмылъу, цІэи унэцІи къраІуэркъым), я гупсысэм къытемыхуэ анонимыр, ирьэкІамэ, псэуэ кьагъэнэнтэкъым, зэжрамыІэрэ зэрамыпэсрэ щыІэкъым.

- ЩІэуэ къыдэкІа макъамэ альбомыр ахъшэ щІату къащэхуркъым, абы тет уэрэд псоми зэрызэ нэхъ мыхъуми едэІуэжыркъым. Ахъшэ щхьэ бгъэкІуэдын хуей, абы тет уэрэд къомми хуейр хэт, уигу ирихь уэрэдыр Интернетым къипхмэ зэфІэкІакъэ?!

- ЦІыху цІэрыІуэм, псалъэм папщІэ, политикым, и къэкІуэнри и пщІэри зэуэ фІэкІуэдыфынущ. Емыгупсысауэ е зэрымыщІэкІэ политикым зыгуэр къьжьэдэхуамэ, ар дакъикъэ бжьгъэм щІыхубэм ялъоІэсри, и напэр токІ, уеблэмэ илъэс бжьгъэкІэ зэригъэпэща псоми пагъэкІыфынущ.

- Сабийр балигъыпІэ иувэку ищІэн хуэмейхэмрэ имыльагъупхьэхэмрэ ялъэм адэ-анэм щахъумэфу щытамэ, иджы хэт сыт хуэдэ хъыбар хуейми ИнтернетымкІэ зыІэригъэхьэфынущ.

- Псалъалъэ, щІэнгъуаэз, телефон номерхэр зэрыт тхылъ, нэгъуэщІ куэди «щІалъхьэжащ», «Яндекс»-мрэ «Гугл»-мрэ къэунэхури.

- Сыхьэт зезыхьэ щыІэжькъым, зэрыкъулейр кьрыригъэлъэгъуэну сыхьэт лъапІэхэр зэрызыпхьэхэм фІэкІа. Сыхьэт бжьгъэр къэпщІэну ухуеймэ, компьютер, жып телефон, таймер зыхэт нэгъуэщІ техникэ куэд щыІэщ.

- Музыкэ зыщэ тыкуэнхэр гугъуэхь хэхуащ. Билан Димэ и альбомыщІэм сом мин щІэзытынур хэт, Интернетым илъмэ?

- Пощтэхьэ ІэщІагъэм ирилажьэхэм я къалэнхэм захъуэжащ. Электроннэ пощтыр къежьащи, тхылъымпІкІэ зыми письмо итхыжыкъым, пощтэхьэхэм нэхъыбэу кьрахьэкІыр пенсэращ.

- Пащтыхьэмрэ президентхэмрэ унафэр щдэщІэлъа гъэхэр, властыр щызэІэпаха лъэхъэнэхэр уигу ибубыдэныр Іэмалыншэу щытыжькъым. «Википедия»-мкІэ зы дакъикъэкІэ улъыхъуэмэ, зы Іэхум теухуа хъыбарищэ зэуэ экраным кьыпхуридзэнущ.

- Лэжьыгъэм, еджэным цІыхухэм кьахудэхуэу щыта зэманыр дэнэ кІуа? ЩыІэжькъым апхуэдэ, Интернетым псори токІуадэ.

- «Место встречи изменить нельзя» фильмыр щекІуэкІкІэ, уэрамхэр нэщІ хъууэ щыщыта зэманыр щыІэжкъым. Иджыпсту уцщхуей сыкьэтыш уэыхуей теленэтыным е фильмым ИнтернеткІэ уопсыф.

- ИмыщІэ бзэмкІэ тха тхыгъэм зыри игъэшынэжыркъым иджыпсту. Онлайн-зэдзэкІакІуэхэр уи Іэрылъхьэщи, зы кнопкэ тепкъуэзмэ, тхыгъэм и купщІэр къует.

- ТхылъымпІэрэ ручкэрэ яІыгъыу сабийхэр зэрыджэгуу щытахэр фщІэжрэ? ЩыІэжькъым апхуэдэ. Джэгукіэ зэмыщхь Іэджэм сабийхэм я мызакъуэу, балигъэрэ дихьэхауэ Интернеткіэ мэджэгу, зыдэджэгур компьютерырауи щрет е щыгум и адрей гъунапкъэм щыпсэу цІыху гуэр ирехъу.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1**. ... пыІэ. **3**. «НэгъуэщІ щІалэхэмкІэ уемыплъэкІ», «Нусэ», «Мылиц щІалэм и уэрэд», цІэрыІуэ хъуа нэгъуэщІ уэрэдхэри зыуса. **5**. ... и унэ бжэн лъакъуэ. **7**. ТхылъымпІэм итыр зэрыпэжьым щыхьэт техъуэ дамыгъэ. **10**. ... имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ. **12**. Республикэм, къэралым я блэкІа зэман. **15**. Іэщэ лІэужьыгъуэ. **16**. Фочыпэм, автоматыпэм палъхьэ, зэрыпыджэ гъущІ папцІэ. **17**. А къуалэбзур куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **18**. «ЩІэныгъэ» псалъэм и пІэкІэ ар къыщагъэсэбэп щыІэщ. **20**. Адыгэ минипщІ бжьгъэхэр щыпсэу хьэрыт къэралым и къалащхьэ. **24**. Псы кьиуам кьрихьэх жыг, пхьэхэкІ хуэдэхэр. **25**. «ЩІауэ ... » - КьардэнгъущІ Зырамыку, ПащІэ Ленэ икІи нэгъуэщІ уэрэджьыІакІуэхэм ягъэзащІэ уэрэдыжь. **26**. Таурыхъхэм уэщщихьэлІэ псэущхьэ шынагъуэ, щхьэ зыбжанэ фІэту. **28**. ... цІыкІу бжьакъэшхуэ. **31**. Пасэрей адыгэпщ лІыхъужь. И цІэр адыгэ уэрэдыжьхэм куэдрэ къыщагъэсэбэп. **34**. Дин Іуэхум тепсэлъыхь цІыху. **37**. Беларус къэралым щыІэ Къалэ-лІыхъужь, быдапІэ. **39**. А унэцІэр зэрахьэ: адыгэ генералым; Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадзэу щытам; Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэуа усакІуэ цІэрыІуэм; ди республикэм щыщ еджагъэшхуэм; Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгеймии, Къэбар-дей-Балъкъэрми я цІыхубэ артистым. **41**. Жыг ку гъуанэхэр зи псэупІэ псэущхьэ кІэ баринэ цІыкІу. **42**. Жылэ хасэну зэрагъэдзэкІа щІы щхьэфэ. **43**. ТхакІуэхэу Къэрмокъуэхэ Мухьэмэд, Хьэмид, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, уэрэдус �щомахуэУ Хьэсэнфий сымэ я къуажэ. **44**. ... псэумэ, пыІэ щыщІэркъым.

Къехьу: **1**. Хьэ цІыкІу лъэпкъ. **2**. Іув, зэщІэкІа гуэр (удз, щхьэщ ирехъу). **3**. Ныкъусаныгъэ, сэкъат, щыщІэныгъэ, ... **4**. Махъсымэ щащІкІэ халъхьэ пщагъэ. **5**. Бом къыщІэІукІащ шым и ... макъ. **6**. Хадзэхэкіыр Іисрафэ зыщІ дзыгъуэшхуэ. **8**. Іэщым хуэзхащІэ Іус. **9**. УщІдыкъэшхыни ущІэгуэзвэни зыхэлъ Іуэху, къэхъугъэ гуэр. **11**. Мэжаджэ, хьэтыкъ, чыржын, ... **13**. Бын. **14**. Жыг къудамэ псыгъуэ цІыкІу, матэ къызыхащІыкІ. **18**. Совет Союзым и ЛІыхъужь Иуан ... **19**. Египетым адыгэхэр апхуэдэуи йоджэ. **21**. ... димыгъэкІыу, кьуажэ Іэтащхьэр жылэ уэрамхэм я къабзагъэм кІэлъполъ. **22**. НэщІащэм и къуэхь лъагапІэр. **23**. Уэшх къеМышхыу зэман кІыхь щыдих ПІалъэ. **27**. СССР-м и Іэтащхьэу илъэс 18-кІэ щыта лІы уэрулрифэ набдзэшхуэ. **29**. МышхумпІэ къызыпыкІэ жыг. **30**. КхъуакІэ кІыхь зыІут Іэпъэщ. **32**. Анэкьильху. **33**. Нартыху хъумапІэ. **35**. ... зезыхьэ и Іэпэ йобзей. **36**. Псы ІуфэмываІуэ-пшахъуалъэ. **37**. КІуэ пэтми ... зымыкІу. **38**. ІэщІэвыщІэ. **40**. Зи Іуэ и нэхъ рэ зи ... ит. **41**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ художник ... Мухьэдин.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Аскъэмэдщ.**

Дыгъэгъаззм и 9-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Акъылым. **4**. Сэдэкъэ. **6**. Журт. **8**. Вынэ. **9**. Жаннэ. **11**. Жэп. **13**. Дэхъу. **14**. Сэху. **15**. Гъупщ. **16**. Бжы. **19**. Ныбгъуэ. **20**. Псалъэ. **22**. Бэдж. **23**. Бру. **24**. Щхьэ. **25**. Умэ. **29**. Ней. **32**. Уэтэр. **34**. Плъыр. **35**. Дыгъэ. **36**. Хьэжмэт. **37**. Накъыерэ.

Къехьу: **2**. Къаугъэ. **3**. Маржэ. **4**. Сэбэн. **5**. Кьанжэ. **7**. Тхъу. **8**. Вы. **10**. Напэ. **12**. Псынабэ. **13**. Дыхьэрэн. **17**. Кугъуэ. **18**. Псы. **21**. Курыт. **26**. Малъхъэ. **27**. Мурат. **28**. Аркъэн. **30**. Елгъэр. **31**. Хур. **33**. Уд.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **Жылаесэ Маритэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.425 ● Заказ №1607